GARUTSELATAN.INFO

**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL**

**LEMBAR SOAL**

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas/Program : X/IPA/IPS

A. Pilih jawaban anu bener!

Manuk Titiran jeung Nyiruan

Kacaturkeun di hiji leuweung. Poé keur meumeujeuhna morérét. Dangdaunan ogé bangun ngaruyung, teu kuateun ku hawa panas panonpoé nu sisinarieun kacida panasna. Kitu deui sasatoan, gawéna salasap-sulusup kana rungkun, néangan tempat keur ngiuhan.

Teu jauh ti dinya aya Sakadang Nyiruan keur kulantang-kulinting néangan cai. Manéhna kacida halabhabeunana, sanggeus kukurilingan di jero leuweung ti isuk mula. Teu lila di antarana Sakadang Nyiruan téh manggih pancuran. Tuluy baé dideukeutan, arék nginum. Tapi karék gé eunteup, ujug-ujug sorodot gubrag, Sakadang Nyiruan téh tisorodot sarta kecemplung titeuleum.

"Tulung... tulung...," Sakadang Nyiruan roroésan bari jejeritan dina cai, méh paéh. Kabeneran aya manuk titiran anu keur ngiuhan dina dahan teu jauh ti dinya. Ngadéngé anu tulung-tulungan téh geuwat titiran muru datangna sora, arék nulungan. Enya baé Sakadang Titiran katénjoeun aya nyiruan titeuleum dina pancuran. Karunyaeun titiran téh, geuwat metik dangdaunan, dipuragkeun kana cai, bari pokna, "Tah, Nyiruan, kami malidkeun daun. Gancang geura ngarayap ka dinya," cenah.

1. Conto di luhur nu kagolong kana *logika dongeng* (teu asup akal) nya eta
   A. Sakadang Nyiruan keur kuluntang kulinting neangan cai
   B. Sakadang Nyiruan tisorodot sarta tikecemplung titeuleum
   C. Sakadang Nyiruan tulung-tulungan bari jejeritan

D. Sakadang Nyiruan roroesan di luhureun cai

E.  Sakadang Nyiruan ngarayap kana daun nu dialungkeun ku Titiran

2. Tempat kajadian carita dongeng di luhur nya eta ...
   A. di wahangan
   B. di walungan
   C. di leuweung
   D. di sawah
   E. di kebon nu aya walungan
3. Amanat tina dongeng di luhur nya eta ...
   A. urang kudu wawuh jeung batur
   B. urang kudu silih tulungan
   C. urang kudu silih pikanyaah
   D. urang kudu daek mere ka batur
   E. urang kudu siga manuk titiran jeung nyiruan
4. Upama nilik kana papasinganana eusi sempalan dongeng di luhur kagolong kana ....
   A. Fabel
   B. Mite
   C. Legenda
   D. Pamuk
   E. Farabel
5. Dongeng oge miboga ciri-ciri ieu di handap, nu teu kaasup ciri-ciri dongeng, nya eta
   A. loba nu teu kaharti ku akal
   B. teu aya nu ngarangna
   C. ngandung ajen atikan
   D. nyebarna sacara tulisan
   E. kaasup kana golongan carita
6. Pada umumna dina dongeng miboga unsur ajen atikan, maksudna ...
   A. aya picontoeunana keur urang
   B. dongeng mah mangrupa carita keur budak
   F. sarana hiburan
   G. bisa keur mepende budak samemeh sare
   H. carita sastra jaman baheula
7. Nu teu kagolong kana unsur-unsur nu aya dina dongeng, nyaeta ..
   A. Nada
   B. Tokoh
   C. Jalan caarita

D. Tempat kajadian

E.  Nasehat

8. Nu teu kagolong kana fungsi
dongeng nya eta …
A. Hiburan
B. Informasi
C. Kritik sosial
D. Pendidikan
E. Transfortasi

9. Ieu kagiatan lomba teh pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina kaparigelan basa Sunda.
Conto di luhur mangrupa ... dina laporan
kagiatan siswa. A. Bubuka
B. Tujuan
C. Jenis kegiatan
D. Pamilon
E. Panutup

10. Anu teu kaasup mangfaat nyieun laporan, nyaeta ....
A. Bukti yen kagiatan geus lumangsung
B. Arsip keur organisasi
C. Bahan evaluasi
D. Tugas panitia pikeun nyieun laporan kagiatan
E. Pikeun ngukur kagiatan nu tos rengse dilaksanakeun

11. Hal-hal nu teu kudu aya dina nyusun laporan
kagiatan, nyaeta ...
A. Bubuka, waktu jeung tempat, waragad, panutup
B. Bubuka, tujuan, pamilon, waragad, panutup
C. Bubuka, pamilon, waktu, tempat, proses, panutup
D. Bubuka, tujuan, waktu, tempat, pamilon , proses, panutup
E. Bubuka, rumusan masalah, sistematika, proses, panutup

12.Kagiatan “Pasang Giri Apresiasi Basa jeung Sastra Sunda” diiluan ku 30 peserta Tk. MA sa-Kacamatan Cisewu ngawengku puisi 10 urang, pupuh10 urang, jeung ngadongeng 10 urang.
*Wincikan di luhur biasa dijieun ku girang serat dina laporan kagiatan bagean ....*
A. Tujuan
B
.
W

a
r
a
g
a
d
C. Jenis kegiatan

D. Bubuka/kasang tukang

E

.

P

a

m

i

l

o

n

13.Sempalan dongéng ieu di handap kagolong kana wangun fabél nyaéta…

A. Si Kabayan ti barang gék diuk dina korsi geus lelenggutan waé nundutan.

Saperti biasa tukang cukur téh ari ceg kana gunting jeung sisirbari terus ngabuih.

B. Waktu Prabu Siliwangi jadi raja di tatar Sunda, nya éta Pajajaran Wétan jeung Pajajaran Kulon,anjeuna kagungan istri anu jenenganana
Nyi kentring Manik Mayang Sunda anu nuju bobot.

C. Baheula Islam mimiti asup ka wewengkon Rancakalong, dibawana
ku tilu jalma sepuh ti Cirebon, nya éta nu katelah Éyang Purwa, Éyang Singalanto jeung Éyang Bagus Pangéling.

D. Kacaritakeun di wewengkon Sumedang, aya opat awéwé anu geulis
kawanti-wanti éndah kabina-bina ngarana nya éta Éyang Gabug, Éyang Setayu, Éyang Kaidah jeung Éyang Naidah.

E. Kacaritakeun sakadang monyét ngajak ngala cabé ka sakadang kuya, ngalana teh di kebon patani, waktu keur ngala cabé kapanggih ku patani sakadang monyét mah bisaeun kabur ari sakadang kuya mah katéwak ku patani sabab teu bisa lumpat.

14. Lalaguan Sunda bebas nu teu kauger ku aturan, nya eta ...

A. Drama

B. Dongeng

C. Kawih

D. Carita pondok

E. Carita pantun

15.Tengetan conto kawih ieu di handap

ECENG GONDOK
*Hayang nyeupah daun seureuh*

*Ambeh beureum biwir abdi*
*Hayang leumpang jeung beubeureuh*

*Ambeh reugreug pikir diri*

*Daek soteh ka*
*Sayati Narah*

*jalan ka Soreang*
*Daek soteh mun*
*ka Gusti*
*Ka nu sanes mah teu hayang*
Conto sempalan kawih di luhur di wangun ku ... padalisan

A. 4
padali
san B.
2
padali
san C.
7
padali
san D.
8
padali
san E.
6
padali
san

16. Upama nilik kana wangun tulisana, kawih ditulis dina wangun ...
   A. Prosa
   B. Puisi
   C. Carpon
   D. Drama
   E. Kakawihan

17. Tema kawih di luhur, nya eta ...
   A. Kabungbulengan
   B. Timburu
   C. Kahayang
   D. Kabayang
   E. Ngimpi

18. Amanat tina eusi kawih di luhu, nya eta ...
   A. Kudu sabar
   B. Narima kana takdir
   C. Kudu wanian
   D. Kudu diteang
   E. Kudu yakin

19. Kawih nu dihaleuangkeun ku barudak, istilahna nyaeta ...
   A. Tembang
   B. Kakawihan
   C. Lagu
   D. Sisindiran
   E. Tokecang

20.Rumpaka kawih “Eceng Gondok” anu mangrupa cangkang aya dipadalisan ...

A. ka-1 jeung ka-2

B. ka-2 jeung ka-3

C. ka-3 jeung ka-4

D. ka-2 jeung ka-4

E. ka-1 jeung ka 4

21. Unsur purwakanti nu aya dina kawih “Eceng Gondok”, nyaeta ...

A. Sawengi atas tos lami

B. Hayang nyeupah daun seureuh

C. Daek soteh ka Sayati

D. Narah jalan ka Bandung

E. Ambeh reugreug pikiran

22. Nu ngabedakeun kawih jeung tembang nya eta ...

A. Kawih mangrupa lagu Sunda bebas nu kauger ku aturan ari tembang mah henteu

B. Kawih mangrupa lagu Sunda bebas nu teu kauger ku aturan kaugerna ku titilaras nada jeung tempo ari tembang mah sabalikna

C. Kawih mangrupa lagu Sunda bebas nu dijieun dina wangun prosa

D. Kawih jeung tembang teu kaasup lagu Sunda bebas

E. Kawih jeung tembang dikarang ku para seniman make aturan titilaras

23.“Dina raraga milangkala MAN 4 Garut anu ka-24 OSIS MAN 4 Garut

ngayakeun Pagelaran Seni Sunda pikeun lingkungan sakola. Ieu kagiatan teh minangka pangreuah-reuah, sarta salah sahiji kasempetan pieun nembongkeun pangabisa para siswa. Ku kituna, dipiharep para siswa bisa nuuwuhkeun sumanget sangkan ngamumule seni tadisi Sunda. Dina ieu kagiatan disadiakeun tilu paket hadiah kategori “Pamidang Pavorit”, “Pamidang Motekar”, jeung “Pamidang Mencrang”.

*Unsur nu kagolong aya dina nyusun laporan kagiatan di luhur, nya eta bagean ...*

A. Kagiatan jeung Hasilna

B. Bubuka

C. Eusi

D. Panutup

E. Pamilon

24. Titénan ieu ungkara di handap! (1) Sumebar sacara tinulis

(2) Ngandung hal-hal nu teu asup akal

(3) Caritana basajan

(4) Caritana jembar

(5) Ngandung ajén atikan
(6) Teu kapaluruh saha nu ngarangna

Ciri-ciri umum nu biasana aya dina dongéng di antarana .... A. 1, 2, 3, 4
B. 2, 3, 5, 6
C. 2, 4, 5, 6
D. 1, 3, 5, 6
E. 1, 2

,

4

,

6

25. Ieu pernyataan di handap mangrupa hal-hal nu aya dina laporan kegiatan.

(1)

Kasang

Tukang

(
2
)
P
a
n
u
t
u
p

(3) Maksud

jeung Tujuan

(4) Biaya, Waktu
jeung Tempat

(5

)

P

a

m

il

o

n

(6)
Proses
kagiatan

Susunan laporan kegiatan anu bener

nya éta ….

A. (1), (3), (4),

(2), (5), (6) B.
(2), (4), (3), (1),
(3), (5) C. (1),
(3), (5), (4), (6),
(2) D. (4), (2),
(1), (3), (5), (6)
E. (3), (1), (2),
(4), (5), (6)

26. Dina nulis laporan, urang diperendih (dituntut) sangkan nyieun laporan anu faktual.
Harti kecap faktual dina éta kalimah miboga harti ….
A. Kudu saluyu (sesuai) antara data jeung fakta
B. Kudu saluyu jeung kaayaan hate penulis
C. Kudu saluyu jeung paménta pimpinan
D. Kudu dibarenganku unsur-unsur pamohalan
E. Kudu ditulis ku ahlina

27. Tarjamahan tina kalimah "Saya merasa bangga menjadi orang Sunda"
anu merenah, nyaeta...
A. Kuring ngarasa bangga jadi urang Sunda
B. Kuring ngarasa reueus jadi urang Sunda
C. Kuring ngarasa agul jadi urang Sunda
D. Kuring ngarasa ngeunah jadi urang Sunda
E. Kuring ngarasa sugema jadi urang Sunda

28.Baca sempalan dongéng di handap!

Déwa Anta pok unjukan bari ngalimba, "Nun Batara, anu mawi abdi

sedih, rumasa moal lami deui hirup, da tangtos diteukteuk beuheung". "Na, ku naon?" ceuk Batara Narada. Déwa Anta ngawalon, "Pan tadi saur Batara, sing saha anu teu tiasa nyumponan éta pamundut, baris diteukteuk beuheung. Ari abdi téa taya petana tiasa nyumponan, margi kapanan teu gaduh leungeun teu gaduh suku". Batara Narada ngaheneng, socana mencrong ka nu keur sedih. Clak, clak, clak cipanon Déwa Anta murag kana taneuh tilu keclak. Gorolong, gorolong, gorolong cimata téh jadi ... endog tilu siki.

*Dicutat tina uku*

*Waruga Basa*

Hal nu pamohalan tina dongéng di luhur bisa kapanggih tina kalimah .... A. "... rumasa moal lami deui hirup, da tangtos diteukteuk beuheung"

B. "... sing saha anu teu tiasa nyumponan éta pamundut, baris diteukteuk beuheung. ..."

C. "... margi kapanan teu gaduh leungeun teu gaduh suku".

D. Clak, clak, clak cipanon Déwa Anta murag kana taneuh tilu keclak.

E. Gorolong, gorolong, gorolong cimata téh jadi ... endog tilu siki.

29. Unsur nu dominan tina sempalan dongeng di luhur nyaeta....

A. Galur
B. Amanat
C. Latar
D. Gaya bahasa
E. Jejer

30. Tengetan rumpaka kawih ieu di handap!

*Jang,*

*Hirup téh teu gampang Teu cukup ku dipikiran Bari kudu dilakonan*

*Jang,*
*Jalan kahirupan*
*Henteu sapanjangna datar*

*Aya mudun jeung tanjakan*

*Kudu sabar dina*
*kurang Ulah*
*nepak dada*
*beunghar*
*Salawasna kudu*
*syukur Éling ka*
*Nu Maha Agung*
*Kadé hidep bisi*
*kufur*

Tokoh nu payus dina *rumpaka kawih* di luhur nyaéta ....

A. guru nu keur ngajar

B. kolot nu keur mamatahan ka anak

C. polisi nu keur nyarita ka babaturanana

D. kolot nu keur nyarékan ka budakna

E. pamajikan nu keur nyarita ka salakina